

**KOSOK BALEN KANG DUMADI ING TINDAK TUTUR ILOKUSI PANGAKON ATUR PUJI ING DESA
PILANG, KECAMATAN KANOR, KABUPATEN BOJONEGORO**

Nisa' Aulia

S1-Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Nisaaulia16020114014@mhs.unesa.ac.id

Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Kosok balen kalebu salah siji relasi semantik leksikal kang dumadi ing tindak tutur, mligine tindak tutur ilokusi pangakon atur puji. Sadurung iki, durung tau ana panliten kang njlentrehake ngenani topik iki, anane mung panliten ngenani jinise kosok balen utawa jinise tindak tutur atur puji. Panliten iki ditindakake ing Desa Pilang, Kecamatan kanor, Kabupaten Bojonegoro. Punjere panliten iki yaiku kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji. Tujuwane panliten kanggo ngandharake lan njlentrehake (1) kosok balen majib, (2) kosok balen undha usuk, (3) kosok balen sesambungan, (4) kosok balen urutan, lan (5) kosok balen maneka werna kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji adhedhasar tujuwan lan isine. Paedahe praktise panliten iki kanggo ngerten wujude topik iki. Dene paedah teoritise kanggo ngrembakake ilmu semantik pragmatik mligine ing relasi semantik leksikal kang dumati ing tindak tutur.

Teori kang digunakake kanggo paliten iki yaiku semantik pragmatik, kanthi jinis panliten etnografi lan sipate informal. Dhata ing panliten iki yaiku tuturan atur puji kang ngemu kosok balen lan sumber panlitene yaiku cecaturane pawongan ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro. Metodhe cakap lan semak minangka metodhe kanggo ngumpulake dhata panliten iki kanthi teknike tulis. Cara kang digunakake kanggo njlentrehake kosok balen kanthi nggunakake fitur destingtif teges. Dene, kanggo njlentrehake tindak tutur atur puji nggunaakaake jlentrehan semantik pragmatik kang dumadi saka struktur sosial, relasi sosial lan situwasi sosial. Banjur asil panliten kang disuguhake yaiku jinise kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji sing cacahe ana suwidak. Cacahe kasebut dumadi saka perangane kosok balen ana lima, perangane atur puji adhedhasar tujuwan ana papat, lan perangane atur puji adhedhasar isine ana telu. Limang kosok balene yaiku kosok balen majib, kosok balen undha usuk, kosok balen sesambungan, kosok balen urutan, lan kosok balen maneka werna. Tindak tutur atur puji adhedhasar tujuwane ana marang Guru, marang pawongan, tumrap alam, lan tumrap kahanan. Dene, tindak tutur atur puji adhedhasar isine ana isi kanthi bener, kanthi becik, lan endah. Anane panliten iki mertandhani yen relasi semantik leksikal bisa dumadi ing tindak tutur.

Tembung wigati : kosok balen, tindak tutur atur puji, lan semantik pragmatik.

BAB I

PURWAKA

Isi sajrone bab iki kaperang dadi enim, yaiku (1) landhesane panliten, (2) punjer lan undere panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedahe panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Ing ngisor iki andharan jangkepe.

LANDHESANE PANLITEN

Semantik pragmatik mujudake ilmu basa kang dumadi saka rong bidhang yaiku bidhang semantik lan pragmatik. Sajrone basa jawa semantik pragmatik bisa diwujudake ing panliten kanthi tema ngenani relasi semantik leksikal kang dumadi ing tindak tutur. Relasi semantik leksikal mujudake bidhang ilmu semantik, dene tindak tutur mujudake bidhang ilmu pragmatik. Adhedhasar tema kasebut bisa nuwuake maneka werna subtema, salah sijine relasi semantik leksikal kang dumadi ing tindak tutur atur puji.

Relasi semantik leksikal kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji kaperang dadi telu. Telu perangane yaiku kosok balen, dasanama lan ambiguitas. Kosok balen minangka relasi semantik sing dipilih saka telu perangan kasebut. Kaya kang wis diandharake ing sajrone bukune Storjohnn (2010:96)

yen ing basa Jerman, relasi semantik leksikal kang awujud kosok balen iku bisa dumadi ing maneka werna tindak tutur, salah sijine atur puji. Kayadene tuladha kasebut,

(1) P : Mbak, dina iki sampeyan kok ayu tenan ya!

Mt : Masak ta?

P : Hlo, dikandhani kok.

Tuladha (1) handhakake yen ana ukara ngemu tetembungan wujude kosok balen kang sinirat. Tembung kang ngemu kosok balen kasebut nuduhake teges kang sanyatane. Tetembungan kang wujud kosok balen kasebut bisa ditengeri saka andharane panutur kang bandhingane sawijine kahanan. Semana uga marang tuladha (2) kang mertandhani anane kosok balen kang dumadi ing tindak tutur atur puji. Tetembungan kang ngemu kosok balen bisa diwedharake kanthi blaka lan ora blaka. Tembung kosok balen kanthi wedharan ora blaka bisa dipacak langsung ing cecaturane, dadi langsung ana rong tembung kang ngemu teges wewalikan. Senadyan kaya mangkono, rata-rata tetembungan kang ngemu kosok balen, cara pangucape utawa cara medharake kanthi ora blaka utawa sinirat. Bab kasebut kerep dianggo ing cecaturane pawongan. Nanging, akeh kang ora ngerten yen ana teges kosok

balen sajrone cecaturane, mligine ing tindak tutur atur puji.

(2) P : Yun kipasmu malih banter saiki.

Mt : Halah padha wae.

Adhedhasar telung tuladha kasebut, kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji minangka topik sing dipilih. Iki jalaran sajrone cecaturan kang awujud atur puji kasebut akeh tetembungan kang mujudake kosok balen ing tindak tutur atur puji. Saliyane iku, kosok balen kang dumadi ing tindak tutur atur puji nuduhake topik sing manjila lan mirungan.

Manjilane topik iki, jalaran panulis ora tau ngerti yen ing tindak tutur atur puji basa Jawa ana saperangan basa kang ngemu relasi semantik leksikal, mligine kosok balen. Kamangka, basa kang digunakake ing tindak tutur atur puji minangka basa kang gampang anggone dingerten lan kerep digunakake ing cecaturan. Adhedhasar pranyatan kasebut bisa dingerten yen topik iki minangka topik kang ora tau ditliti, jalaran panliten ngenani temane yaiku relasi semantik leksikal kang dumadi ing tindak tutur uga durung tau ditemoni. Pramila panliten iki dadi panliten kang trep kango ngrembakake ilmu ngenani semantik leksikal lan pragmatik. Dene, mirunggane kosok balen kang dumadi ing tindak tindak tutur atur puji bisa dideleng saka tujuwane. Tujuwane tindak tutur atur puji kango menehi pangaji marang mitratutur. Nanging, yen ing tindak tutur atur puji kang ngemu kosok balen digunakake kango menehi pambiji tumrap kahanane mitratutur. Mula, kosok balen ing tindak tutur atur puji diarani topik sing mirungan.

Sadurunge topik iki dipilih dadi panliten, ana panliten saemper kang nengenake salah siji ilmu semantik kasebut bisa didadekake landhesan anane konsep panliten kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji. Panliten kasebut yaiku panlitene Febranti (2014) kanthi irah-irahan *Antonimi dalam Wacana Persuasi Mario Teguh Di Facebook :Kajian Semantik*, lan panlitene Nurfadilah (2017) yaiku ngenani *Analisis Sinonim dan Antonim pada Cerpen Kecil-Kecil Punya Karya (KKPK) sebagai Alternatif Pembuatan Media Pembelajaran Menulis Karangan bagi Siswa Kelas V Sekolah Dasar* kang nengenake ing semantik leksikale. Dene, panliten Inferensi sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri dening Almufidah (2018), panliten ngenani Tindak Tutur Ngelem ing Masyarakat Desa Macanbang, Kecamatan Gondang, Kabupaten Tulungagung dening Wardani (2013) minangka panliten ngenani pragmatike. Adhedhasar panliten kasebut bisa dingerten yen panliten iki dianggo njangkepi panliten sadurunge. Panliten iki bakal nguwatake konsep ngenani kosok balen lan tindak tutur ilokusi pangakon atur puji ing basa Jawa, mligine .

Teori kang digunakake kango njingglengi panliten iki nggunakake teori semantik pragmatik mligine ngenani relasi semantik leksikal lan tindak tutur. Adhedhasar teori kang digunakake kango njingglengi panliten iki, ana rong cara kango ngandharake topik

panliten iki. Rong cara kasebut digunakake kango ngandharake kosok balene lan njlentrehake tindak tutur atur pujine. Cara kango ngandharake kosok balen nggunakake fitur dhestingtif teges lan cara kango njlentrehake tindak tutur atur puji nggunakake jlentrehan semantik pragmatik. Sajrone panliten iki bakal dirembug ngenani jinis kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji. Jinise iki bisa dingerten saka perangane kosok balen adhedhasar sipate. Uga perangane tindak tutur atur puji adhedhasar tujuwan lan isine. Perangan kosok balen bakal digabungake marang perangane tindak tutur atur puji. Sesambungan perangan-perangan kasebut bakal nuwuhanake jinis kosok balen kang dumadi ing tindak tutur atur puji. Maneka wernane jinis kosok balen kang dumadi ing tindak tutur atur puji iki bakal ditemoni ing saben-saben panggonan.

Panliten kanthi topik ing ndhuwur dilakoni ing sawijine panggonan kang nduweni unsur kang jangkep. Panggonan bisa diarani nduweni unsur jangkep, yen ngemu telung unsur dhasar sosial. Unsur dhasar kasebut yaiku struktur sosial, relasi sosial lan situasi sosial. Telung unsur kasebut bisa ditemoni ing salah sijine panggonan yaiku Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro. Struktur sosiale warga ing desa kasebut ana maneka werna, wiwit jinis kelamine, umure, lan status ekonomi sosiale. Dene relasi sosiale warga ing Desa Pilang ana maneka werna, ana sing seduluran, kekancan, tangga teparo, nganti wong asing utawa ora dikenal. Saliyane struktur lan relasi sosial, unsur sabanjure yaiku situasi sosial. Situasi sosial ing Desa Pilang iki lumrahe padha yen manut desa liyane yaiku wayah isuk, awan lan wengi. Uga panggonane ana panggonan mligi lan umum. Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro minangka panggon kango kapilih jalaran nduweni idialek kang beda saka panggon liyane. Mula, jangkepe panliten iki yaiku kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro.

PUNJER LAN UNDERE PANLITEN

Punjere panliten iki yaiku ngenani kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro. Dene underane panliten iki yaiku:

- 1) apa wae kosok balen majib kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji adhedhasar tujuwane lan isine atur puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro?
- 2) apa wae kosok balen undha usuk kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji adhedhasar tujuwane lan isine atur puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro?
- 3) apa wae kosok balen sesambungan kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji adhedhasar tujuwane lan isine atur puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro?
- 4) apa wae kosok balen urutan kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji adhedhasar

**Kosok Balen kang Dumadi ing Tindak Tutur Ilokusi Pangakon Atur Puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor,
Kabupaten Bojonegoro**

- tujuwane lan isine atur puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro?
- 5) apa wae kosok balen meneka werna kang dumadi ing tindak tutur ilokus pangakon atur puji adhedhasar tujuwane lan isine atur puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro?

TUJUWANE PANLITEN

Adhedhasar undere panliten, tujuwan anane panliten iki yaiku ngandharake lan njlentrehake:

- 1) kosok balen majib kang dumadi ing tindak tutur ilokus pangakon atur puji adhedhasar tujuwane lan isine atur puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro,
- 2) kosok balen undha usuk kang dumadi ing tindak tutur ilokus pangakon atur puji adhedhasar tujuwane lan isine atur puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro,
- 3) kosok balen sesambungan kang dumadi ing tindak tutur ilokus pangakon atur puji adhedhasar tujuwane lan isine atur puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro,
- 4) kosok balen urutan kang dumadi ing tindak tutur ilokus pangakon atur puji adhedhasar tujuwane lan isine atur puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro,
- 5) lan kosok balen meneka werna kang dumadi ing tindak tutur ilokus pangakon atur puji adhedhasar tujuwane lan isine atur puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro.

PAEDAHE PANLITEN

Paedah panliten iki yaiku paedah praktis lan paedah teoritis. Cethane paedah kasebut bakal diandharake ing ngisor iki.

Paedah Praktis

Paedah praktise panliten iki yaiku ngerteni wujude kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokus pangakon atur puji ing Desa Pilang Kecamatan Kanor Kabupaten Bojonegoro lan dadi alternasi pasinaon ing pawiyatan. Panliten iki uga bisa dadi dhokumentasi anane tindak tutur atur puji ing desa kasebut.

Paedah Teoritis

Paedah teoritise panliten iki yaiku ngrembakake ilmu semantik sajrone basa Jawa ngenani semantik pragmatik, kanthi wujud relasi semantik kan dumadi ing tindak tutur. Luwih mligine paedah teoritise yaiku ngrembakake kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokus pangakon atur puji. Ilmu semantik ngenani semantik leksikal yaiku relasi semantik leksikale kang awujud kosok balen. Dene ilmu pragmatike iku awujud tindak tutur ilokus pangakon atur puji.

WATESANE PANLITEN

Panliten iki nduweni telung watesan, yaiku (1) topike panliten, (2) dhatane panliten, lan (3) cara njingglengi. Andharane ana ing ngisor iki:

- 1) topike panliten iki yaiku kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokus pangakon atur puji lan nengenake ing kosok balen minangka relasi

semantik lan fokuse panliten iki, uga atur puji minangka tindak tutur kang kapilih,

- 2) dhatane panliten iki mujudake arupa cecaturan antarane pawongan ing Desa Pilang Kecamatan Kanor Kabupaten Bojonegoro kang wis kajupuk objeke panliten ngenani iki,
- 3) cara njingglengi panliten iki nggunakake teori semantik pragmatik kang kaperang dadi loro yaiku cara ngandharake relasi semantik leksikale kang awujud kosok balen nganggo fitur dhestingtif teges lan cara njlentrehake tindak tutur atur pujine nganggo jlentrehan semantik pragmatik.

PANJLENTREHE TEMBUNGAN

Panjentrehe tetembungan iki kaperang dadi loro yaiku (1) relasi semantik leksikal kosok balen, lan (2) tindak tutur ilokus pangakon atur puji. Tembung kasebut bakal dijlentrehake siji mbaka siji ing ngisor iki.

- 1) Kosok balen

Kosok balen minangka wujud saka oposisi teges sajrone pasangan leksikal kang bisa diwenehi wates (Kridalaksana sajrone Suwandi, 2011:128). Tembung-tembung kang dimaksud yaiku tembung-tembung kang nduweni teges wewalkan.

- 2) Tindak tutur ilokus pangakon atur puji

Tindak tutur ilokus pangakon atur puji nduweni teges tuturan ngenani rasa percayane panutur tumrap sawijine kahanan becik kang dingertenii panutur (Ruhu sajrone Burgdorf, 2012:7)

BAB II

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Isi tintingan kapustakan panliten iki kaperang dadi telung subbab. Subbab-subbab kasebut yaiku (1) panliten ngenani semantik leksikal lan pragmatik, (2) konsep-konsep ing panliten iki, lan (3) teori kang digunakake ing panliten iki.

PANLITEN SAEMPER

Panliten kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokus pangakon atur puji mujudake panliten kang durung tau ditliti, jalaran panliten iki kalebu salah siji panliten kang nliti rong bidhang ilmu. Bidhang ilmu kasebut yaiku bidhang ilmu semantik kang kebage dadi ilmu semantik leksikal lan ilmu semantik pragmatik. Lumrahe panliten-panliten kang wis klakon yaiku panliten kang nengenake ing salah siji ilmu semantik, bisa semantik leksikal bisa uga semantik pragmatik. Panliten-panliten kang nengenake salah siji ilmu semantik kasebut bisa didadekake landhesan anane konsep panliten kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokus pangakon atur puji. Panliten ngenani semantik leksikal kang saemper marang panliten iki ana loro, dene panliten ngenani semantik pragmatik kang saemper karo panliten iki ana telu. Panliten semantik leksikale yaiku panlitene Febrianti (2014) kanthi irah-irahan *Antonimi dalam Wacana Persuasi Mario Teguh Di Facebook :Kajian Semantik* lan panliten kang dilakoni dening Nurfadilah (2017) yaiku ngenani *Analisis Sinonim dan Antonim pada Cerpen Kecil-Kecil Punya Karya (KKPK) sebagai Alternatif Pembuatan Media Pembelajaran Menulis Karangan bagi Siswa*

Kelas V Sekolah Dasar. Banjur panliten saemper ngenani semantik pragmatik ing antarane ana panliten Inferensi sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri dening Almufidah (2018), panliten ngenani Tindak Tutur Ngelem ing Masyarakat Desa Macanbang, Kecamatan Gondang, Kabupaten Tulungagung dening Wardani (2013) lan panliten ngenani *Makian dan Pujian dalam Ragam Amiyyah Mesir* dening Ridha (2009). Isi sajrone panliten-panliten saemper ing nduwur bakal dijentrehake ing ngisor iki.

Panliten Semantik Leksikal

Panlitene Febrianti (2014) ngenani *Antonimi dalam Wacana Persuasi Mario Teguh Di Facebook :Kajian Semantik* mujudake sawijine panliten kang nduweni tujuwan kanggo ndheskripsikake kosok balen kang dumadi ing tuturan awujud persuasi sajrone wacana Mario Teguh ing facebook. Punjere panliten iki yaiku relasi semantik sajarone kosok balen kang ndadekake persuasi ing sawijine kahanan. Ana rong babagan kang dirembug yaiku ngenani kosok balen minangka bageyan saka wacana Mario Teguh lan Persuasi kang dumadi jalaran panganggone kosok balen kasebut. Panliten iki dijentrehake kanthi nggunakake metodhe dheskrifit kualitatif. Banjur asil sajrone panliten iki yaiku nuduhake titikan-titikan saka persuasi kang digunakake Mario Teguh sajrone wacana.

Saliyane panliten kang dilakoni dening Febrianti, ana uga panliten kang dilakoni dening Nurfadilah (2017) yaiku ngenani *Analisis Sinonim dan Antonim pada Cerpen Kecil-Kecil Punya Karya (KKPK) sebagai Alternatif Pembuatan Media Pembelajaran Menulis Karangan bagi Siswa Kelas V Sekolah Dasar*. Isi kang dirembug sajrone panliten iki yaiku anane dasanama lan kosok balen sajrone cerkak KKPK lan panggunane dasanama lan kosok balen sajrone cerkak kasebut. Uga ngenani medhia pasinaon kang trep kanggo pasinaon nulis cengkorongan cerita cekak adhedhasar analisis dasanama lan kosok balen sajrone cerkak KKPK.

Panliten Semantik Pragmatik

Panliten Inferensi sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri mujidake panliten kang dikalakoni dening Almufidah (2018). Sajrone panliten iki babagan kang dirembug yaiku ngenani urutane proses lan asile inferensi sajrone tindak tutur atur puji pangalembana. Adhedhasar urutane proses, ana 6 jinis inferensi sajrone tindak tutur atur puji pangalembana yaiku diperang adhedhasar ngolah, menebake, lan mantepake ing saben perangane ana 2 jinis. Dene Asile inferensi ana dedhuktif lan indhuktif. Inferensi dedhuktif diolehhake saka ngolah kanthi tematis, menebake kanthi general, lan mantepake kanthi similaritas lan inferensi indhuktif bisa diolehhake saka ngolah kanthi topikal, menebake kanthi spesial, lan mantepake kanthi komparitas.

Panliten semantik pragmatik ngenani panliten Tindak Tutur Ngelem ing Masyarakat Desa Macanbang, Kecamatan Gondang, Kabupaten Tulungagung dening Wardani (2013) kang ngrembug babagan asil perangane

tindak tutur ngelem. Tindak tutur ngelem kaperang dadi telu yaiku tindak tutur ngelem minangka lokusi adhedhasar tata cara medharake, tindak tutur ngelem minangka ilokusi adhedhasar tujuwane penutur, lan tindak tutur ngelem minangka perlukusi adhedhasar pananggepe mitratutur.

Banjur panliten semantik pramatik kang pungkasan yaiku tesis ngenani Makian dan Pujian dalam Ragam Amiyyah Mesir dening Ridha (2009). Babagan kang dirembug sajrone panliten iki yaiku gunane makian lan pujian. Gunane makian kanggo ngandharake rasa gela, rasa kuciwa lan rasa kaget sajrone Ragam Amiyyah Mesir. Gunane pujian kanggo ngandharake rasa seneng, rasa gumun, lan menehi pakurmatan kango wong liya sajrone Ragam Amiyyah Mesir. Iki laras digayutake tumrap panliten iki, jalaran pujian mujudake tindak tutur kang nduwени guna kanggo ngandharake rasa seneng tumrap kahanan kang dingerten.

Panliten ngenani kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji minangka panliten kang njangkepi panliten-panliten sadurunge kang nengenake ing salah siji bidhang panliten. Ing sajrone panliten iki, babagan kang dirembug yaiku kosok balen kang ana sajrone atur puji. Kosok balene minangka bageyan saka tindak tutur atur puji. Dene tindak tutur atur puji minangka konteks sajrone panliten iki kang dingerten maneka werna jinise.

KONSEP-KONSEP ING PANLITEN IKI

Konsep-konsep sajrone panliten iki ana pitu yaiku (1) relasi semantik leksikal, (2) kosok balen, (3) semantik pragmatik, (4) tindak tutur ilokusi, (5) tindak tutur pangakon, (6) tindak tutur atur puji, lan (7) kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji. Jangkepe andharan ngenani pitung konsep kasebut bakal dijentrehake ing ngisor iki.

Relasi Semantik Leksikal

Relasi semantik leksikal minangka wujud perangan saka semantik leksikal. Miturut Verhaar (1994:297) relasi semantik leksikal yaiku sesambungane teges kang dumadi antarane tembung siji lan liyane. Relasi semantik leksikal utawa sesambungane tembung mujudake analisis komponen saka pangkajane teges (Aminudin, 2016:126). Teges-teges ing basa antarane siji lan sijine nduwени sesambungan. Sesambungan utawa relasi kasebut miturute Roget's sajrone Lyons mbedakake dadi enam jinis asosiasi sesambungane teges, ing antarane ana (1) relasi abstrak, (2) relasi kang nduweni sesambungan tumrap ruwang, (3) ralasi kang nduweni sesambungan tumrap samubarang, (4)relasi kang nduweni sesambungan tumrap unsur intelekstual, (5) relasi kang nduweni sesambungan tumrap ekspresi panyengkuyung, lan (6) relasi mujudake anane tuntutan lan kadigdayan moral (Aminudin, 2016:126). Dadi bisa ditegesi yen relasi semantik leksikal yaiku sesambungane teges sajrone komponen utawa unsur kang awujud tembung-tembung. Wujude relasi semantik leksikal ana maneka werna ing antarane kosok balen, dasanama, juru warga, ambiguitas, metonimi, meronimi, lan sapiturute.

Kosok Balen

Kridalaksana sajrone Suwandi (2011:128) njlentrehake yen kosok balen yaiku oposisi teges sajrone pasangan leksikal kang bisa dijenjangake utawa diwenehi jarak. Yen miturut Djajasudarma (2013:135) kosok balen mujudake unsur kang paling jembar sajrone paneliten oposisi. Dene Verhaar sajrone Chaer (2009:88) ngandharake yen kosok balen minangka andharan sing tegese dianggep sawalike saka teges andharaan liyane. Miturut Chaer (2009:91) kosok balen kaperang dadi lima, ing antarane (1) kosok balen majib, (2) kosok balen undha usuk, (3) kosok balen sesambungan, (4) kosok balen urutan, (5) kosok balen maneka werna. Ing ngisor iki bakal diandharake panjlentrehane limang perangan kosok balen kanthi cetha lan jangkep.

a. Kosok Balen Majib

Kosok balen majib yaiku kosok balen sing kadadeyan saka rong tembung kang duweni teges walikan. Tembung walikan kasebut sarwa kembar ateges yen ora tembung siji mesthi tembung sijine lan ora bisa diselaki. Kosok balen majib tuwuhanjalaran ana tembung kang nduweni wates kang mutlak (Suwandi, 2011:131). Kayadene yen ora tembung mati, kosok balene mesthi tembung urip lan ora kena diselaki. Saliyane kuwi ana tembung murup lan mati. Ing cecaturan sabendina kosok balen majib kerep digunakake kanggo mbandingake sawijine kahanan kang njomplang. Ateges kahanan kasebut ora bisa dumadi yen ora ana kahanan sing njalari anane kahanan kasebut.

b. Kosok Balen Undha Usuk

Kosok balen undha usuk yaiku kosok balen kang tetembugane duweni gayutan arupa tataran sajrone deret antarane makna utawa antarane unsure makna(Chaer, 2009:91). Uga kosok balen iki ditemtokake adhedhasar pangrasa lan pangira tumrap sawijine babagan. Dadi tetembugane ora mesthi walikan ateges yen ora tembung siji kuwi durung mesthi tembung walike. Kayadene yen ora tembung sugih, durung mesthi tembung mlarat, isa uga tembung rada sugih. Tetembungan kang kalebu kosok balen undha usuk nduweni sipat relatif. Relatif bisa ditegesi gumantung kahanan panutur kang lagi nuturake kosok balen kasebut. Bisa uga tembung dawa lan ccendhek.

c. Kosok Balen Sesambungan

Kosok balen sesambungan yaiku kosok balen kang ngandharake anane sesambungan antarane tembung siji lan sijine. Kosok balen iki nduweni sipat njangkepi lan sipat simetris, tegese sesambungan karo rong arah (Chaer, 2009:92). Pranyatan kasebut selaras marang pranyatan kang diandharake Suwandi (2011:133) yen kosok balen sesambungan mujudake salah siji jinis kosok balen kang nuduhake sipat simetrise teges sajrone tembung kang dadi pasangane. Kayadene tembung bapa lan biyung. Bapa lan biyung nduweni sipat njangkepi ing sawijine kahanan yaiku kulawarga, nanging bapa lan biyung nduweni teges wewalikan. Saliyane iku tembung aweh, kosok balene nampa lan sapiturute.

d. Kosok Balen Urutan

Kosok Balen Urutan yaiku kosok balen kang kadadeyan amarga saben tetembungan nduweni tataran drajat kang beda (Chaer, 2009:93). Trap-trapan ngenani drajat ing babagan iki wis bisa ditemtokake lan duweni sipat mesthi. Tembung-tembung kang nduweni oposisi runtut yaiku tembung-tembung arupa aran ukuran, etungan lan pananggalan, jenjang pangkat, lsp. Salah siji tembung kang nduweni kosok balen urutan yaiku tembung kwintal, kosok balene tembung kasebut yaiku kilo utawa ton. Jalaran ana urutan kang mesthi sajrone tembung tembung kasebut.

e. Kosok Balen Maneka Werna

Kosok Balen Maneka Werna yaiku kosok balen kang tetembunge nduweni wewalikan luwhi saka saktembung lan sakkma. Sipate kosok balen maneka werna yaiku relatif (Tarigan, 1990:50). Saben tembung ngasilake loro utawa luwhi makna lan tembung kang wewalikan. Kosok balen iki nduweni anggota sing akeh lan oposisi anggota kuwi ora bisa ditemtokake. Kayadene tembung abang, kosok balene ngasilake ijo, kuning, biru, maron, lsp.

Saliyane limang kosok balen ing ndhuwur, uga ana perangane kosok balen adhedhasar jinise tembung. Kosok balen kasebut ing diandharake dening Alfian (2008). Jinise kosok balen kasebut ana kosok balen tembung kriya, tembung aran lam tembung kaanan. Ananging kanggo panliten iki, punjer kosok balen kang dianggo yaiku kosok balen adhedhasar sesambungan teges. Perangane iki manut andharane Chaer, kang mbagi kosok balen dadi limang perangan ing antarane kosok balen majib, undha usuk, urutan, sesambungan lan maneka werna.

Semantik Pragmatik

Semantik mujudake cabang linguistik kang nliti bab werdi utawa arti (Verhaar, 1999:385). Semantik lumrahe kaperang dadi telu yaiku semantik leksikal, semantik gramatikal lan semantik pragmatik. Moris sajrone Horn lan Ward (2006, 01) ngandharake yen pragmatik mujudake pasinaon ngenani aspek-aspek teges, teges kasebut gumantung marang konteks kang runtut lan dijupuk inti sajrone kontruksi konten kanthi logis. Sajrone kajian pragmatik iki basa ora ditengenake kanthi munjer, nanging basa kasebut dikaji manut panggone lan panganggone. Mula, anane kajian kang ora munjer ing babagan basane iki luwhi nengenake maksud komunimasine lan tindak tuture.

Luamrahe ing ilmu basa, kajian kaang digunakake kanggo nliti basa kang murni dibagi dadi patang bageyan. Patang bageyan kasebut yaiku fonologi utawa tata ucap, morfologi utawa tata tembung, sintaksis utawa tata ukara lan semantik utawa ngenani teges. Dene konsep kang diandharake dening Morris ngenani ilmu basa yaiku mbabarake konsep dhasar ilmu semiotik utawa ilmu ngenani tandha patandha kang kebagi dadi telung bageyan ilmu (Habib Sajrone Mustaqim, 2014:212). Telung ilmu kasebut ana sintaksis, semantik lan pragmatik. Ilmu sintaksis yaiku ilmu kang nyinaoni babagan sesambungan tandha-tanda basa lan teges kang kasusun sajrone ukara, yen ilmu semantik yaiku

ilmu kang nyinaoni babagn sesambungane tandha basa lan tujuwane basa. Banjur ilmu pragmatik nyinaoni ngenani tandha lan penapsir utawa sing maknani.

Saliyane iku, Levinson (1991:56) njlentrehake yen pragmatik yaiku ilmu ngenani sesambungane basa lan isi kontekse. Basa lan konteks ditelah nganti dadi dhasar saka sawijine catetan utawa laporan kanggo ngerteni basa. Bisa uga ditegesi telaah ngenani kabisane panganggo basa kang nggayutake lan nyalarasake ukara-ukara lan kontek-kontek kaanthi trep. Pranyatan liya ngenani pragmatik uga diandharake dening Geofery Leech sajrone Habib dene pragmatik yaiku ilmu ngenani teges kang nduwensi sesambungan marang kahanan tuturan (Habib sajrone Mustaqim, 2014:11). Pragmatik uga bisa ditegesi ilmu kang nyinaoni kepriye basa kang digunakake nalika komunikasi. Pragmatik uga nyinaoni kepriye cara ndadekake teges supaya bisa dadi konteks kang nyata, ora babagan kang abstrak sajrone komunikasi.

Nababan sajrone Yuliza njlentrehake yen pragmatik bisa ditegesi ilmu kang nyinaoni ngenani aturan-aturan panaganggonge basa, wiwit pamilihe wujude basa lan cara nemtokake teges kang digayutake manut karepe panutur selaras marang kontek lan kahanan (Mustaqim, 2014:12). Dadi pragmatik mujudake telaah ngenani tegese tuturan kang selaras marang konteks lan kahanan. Dene miturut Tarigan pragmatik bisa ditegesi kanthi telung panthan (Yuliza sajrone Mustaqim, 2014:12). Kang kapisan, pragmatik ditegesi telaah ngenani sesambungan tandha-tandha marang tafsirane. Kang kapindho yaiku prargmatik nelaah sakabehane tumindak paling utama kaang nduwensi sesambungan marang tandha lan lambang-lambang, ing kene pragmatik nengenake kawigatene marang tata carane pawongan kango numindak. Banjur kang katelu yaiku pragmatik mujudake telaah ngenani sesambungan aantarané basa lan konteks. Mula bisa nuwuake dudutan yen pragmatik mujudake salah siji cabang ilmu basa kang ngaji ngenani teges basane panututr kaang selaras marang konteka lan kahanan.

Tindak Turur Illokusi

Tindak turur illokusi mujudake sawijine tindak turur kang nengenake ing babagan kang nglibatake panutur lan mitratutur kanggo nglakoni tindakan kasebut. Dene, tindak illokusi yaiku babagan kang pengin digayuh dening panuture nalika nuturake sawijine babagan lan bisa dadi tumindak kang ngandharake kahanan, njaluk pangapura, menehi prentah. Miturut Nadar (2013:14) tindak turur illokusi minangka salah siji tindak turur kang wigati. Wigati ing babagan iki minangka bab kang kudu digatekake sajrone kajian lan tindak turur.

Tindak turur illokusi minangka salah siji tindak turur kang angel anggone diidentifikasi jalaran sajrone ngidentifikasi kudu nggatekake panutur lan mitratutur uga kapan dumadine tuturan kasebut. Mula tindak turur illokusi dirani tindak turur sentral utawa tindak turur bagian tengah sajrone bab tindak tindak turur (Wijana dan Rohmadi, 2011:34). Miturut Searle sajrone Chaer (2010:29-30), tindak turur illokusi kaperang dadi limang panthan ing aantarané ana asertif, direktif, komisif, ekspresif, deklaratif.

Tindak Turur Pangakon

Salah siji perangan tindak turur illokusi iku ana tindak turur pangakon. Tindak turur pangakon mujudake tindak turur kang isine nuduhake rasa pangrasane ing sawijine kahanan tertamtu. Pranyatan kasebut laras tumrap panemune Yule (2006:93) yen tindak turur pangakon yaiku tindak turur kang ngandharake sawijine bab kang dirasakake dening panutur. Iki mujudake pangilon saka pranyatan psikologi kang wis dilakoni sadurunge dening panutur. Dene panemu liya ngandharake yen tindak turur pangakon yaiku wujud tindak turur kang nduwensi guna kango nyatakake utawa nuduhake sikap spikologise panutur marang sawijine kahanan (Rahardi, 2002:36)

Wujude tindak turur pangakon yaiku ana tindak turur atur puji, tindak turur pambahya harja, tindak turur atur panuwun, lan sapiturute (Searle sajrone Chaer, 2010:30). Dene miturut Wijana (2015:96) Tindak turur pangakon yaiku tindak turur kang digunakake kanggo ngandharake sawijine babagan kang wis dilakoni dening panuture. Salah siji tuladha tindak turur ngakoni sawijine kahanan yaiku

- (1) P : Klambi sing mbok nggo hlo apik Din.
Mt : Hehehe, soale sing nganggo ayu kok.
- (2) P :Rambutmu malih apik samarine mbok gelung.
Mt : Masak ta?
P : Tenan kok e.

Sajrone tindak turur kasebut ana babagan kang ngengenake pangakon tumrap sawijine kahanan. Tuladha (1) kasebut nuduhake kahanan klambi apik kang dianggo Dinda. Semana uga kang dumadi ing tuladha (2). Tuladha kasebut nuduhake kahanan rambut apik jalanan digelung. Tuladha kasebut uga nuduhake kahanan kang dilakoni dening mitratutur. Pangakon sajrone panggunane basa minangka panggunane basa kango nambah kaweruh ngenani panutur kasebut, ngenani pangrasane, ngenani senengane, ngenani kedadeyan kang wis kelakon(Parera, 1993:38). Gunane tindak turur pangakon bisa disawang saka tuladha kasebut, ing antarane nduwensi guna kango ngekpresikake, ngandharake utawa medharake sikap psikolaogis panutur tumuju sawijine pranyatan ngenani kahanan, kayadene ngaturake panuwun, ngaturake suka bagya harja, paring pangapura, nyalahake lan ngaturake atur puji.

Tindak Turur Atur Puji

Tindak turur atur puji mujudake salah siji tindak turur pangakon kang ngandharake kabecikane pawongan. Miturut panemune Ruhi sajrone Burgdorf (2012:7) tindak turur atur puji bisa ditegesi sawijine tuturan ngenani rasa percayane panutur tumrap kahanan becik kang dingertenipanutur. Mitutur Brown lan Levinson (sajrone Holmes, 2003:177) tindak turur atur puji mujudake salah siji tindak turur kang njlimeti babagan minat (interest), pepenginan (wants), kabutuhan (needs), lan pacakan (goods) mitratutur. Ing bukune, Holmes uga ngandharake yen tindak turur atur puji mujudake tindak turur yang ngemu babagan positif.

Lumrahe, tindak turur atur puji ora mung diaturake kango pawongan wae, nanging uga kango Gusti, kahanan uga alam. Patang bab kasebut mujudake

**Kosok Balen kang Dumadi ing Tindak Tutur Ilokusi Pangakon Atur Puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor,
Kabupaten Bojonegoro**

tujuwan anane atur puji. Iki jalaran saben bab kasebut nduweni kaluwihan beda kang ndadekake panutur nduweni rasa kepengin ngandharake pepujen. Sawise tujuwan kasebut dingerten, atur puji isa dingerten adhedhasar isine. Isine atur puji mujudake sikap positip saka anane tindak tutur. Isine kasebut kaperang dadi telu yaiku ana isi kang ngandhut bab becik, bener lan endah.

Saliyane iku asil sajrone panliten kang dilakoni dening Holmes (2003:187) tindak tutur atur puji pangalembana uga kaperang dadi papat adhedhasar isine atur puji pangalembana. Perangan kasebut ing antarane (1) atur puji tumrap solah bawane pawongan (appearance compliment), (2) atur puji marang prestasine pawongan (achievement compliment), (3) atur puji marang samubarang kang diduweni pawongan (possessions compliment), lan (4) atur puji marang kapribadene pawongan (personality compliment). Ana uga perangane tindak tutur atur puji asil panlitene Wardani (2013). Wardani ngandharake yen atur puji pangalembana kaperang dadi papat adhedhasar tujuwane atur puji. Patang perangan atur puji pangalembana yaiku atur puji pangalembana kanthi tujuwan (1) mbombong, (2) pamrih, (3) menehi pramayoga, lan (4) menehi panyengkuyung. Lumantar perangan atur puji asil panlitene Holmes lan Wardani bisa dingerten yen wujude tindak tutur atur puji ana maneka werna. Nanging sajrone panliten iki perangan tindak tutur atur puji kang ginawe yaiku gabungan perangan atur puji adhedhasar tujuwan lan isine ora atur puji pangalembana.

Kosok Balen kang Dumadi ing Tindak Tutur Ilokusi Pangakon Atur Puji

Isine bageyan iki ngenani (1) tegese, (2) titikan, lan (3) jinise kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji.

Tegese Kosok Balen kang Dumadi ing Tindak Tutur Ilokusi Pangakon Atur Puji

Tegese kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji yaiku kosok balen utawa tetembungan sing ngemu teges wewalikan kang kedadeyan ing sajrone tindak tutur atur puji. Kosok balen sajrone atur puji digunakake kanggo menehi pepujen lan pambiji tumrap kahanane wong liya. Kosok balen ing tindak tutur atur puji mujudake tuturan kang duweni sifat positip, senadyan tetembungan nduweni teges sing sipate wewalikan. Tembung-tebung kosok balen kang digunakake sajrone tindak tutur atur puji lumrahe tembung-tebung pasangan kang nduweni teges wewalikan sing bisa ditandhingake. Prayatan kasebut selaras yen digayutake tumrap tegese kosok balen lan tegese atur puji.

Kosok balen nduweni teges tetembungan sing sapasang sing bisa diwenehi sekat (Kridalaksana sajrone Suwandi, 2011:128). Miturut Chaer (2009:91) kosok balen kaperang dadi lima, ing antarane (1) kosok balen majib, (2) kosok balen undha usuk, (3) kosok balen sesambungan, (4) kosok balen urutan, (5) kosok balen maneka werna. Dene adhedhasar jinise tembung, kosok balen bisa diperang dadi telung perangan. Perangan kasebut yaiku (1) kosok balen tembung aran, (2) kosok balen tembung kriya, lan (3) kosok balen tembung kaanan. Saka perangan kosok balen adhedhasar

sesambungan teges lan jinise tembung bisa nuwuake maneka werna jinise relasi semantik leksikal awujud kosok balen. Maneka werna jinis kosok balen kasebut banjur digabungake manut tindak tutur atur puji.

Tindak tutur atur puji bisa ditegesi nindakakake atur puji utawa menehi pepujen tumrap kaluwihan kang diduweni mitratutur utawa wong liya. Miturut Holmes (2003:187) tindak tutur atur puji diperang dadi papat adhedhasar isine, yaiku (1) atur puji tumrap solah bawane wong, (2) atur puji marang prestasine wong, (3) atur puji marang samubarang kang diduweni wong, lan (4) atur puji marang kapribadene wong. Saka jinise kosok balen lan tindak tutur atur puji bisa nuwuake maneka werna kosok balen kang dumadi ing tindak tutur atur puji. Ing jinise kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji, bisa dingerten tetembungan kang awujud kosok balen sajrone tindak tutur mligine tindak tutur atur puji.

Titikane Kosok Balen Kang Dumadi Ing Tindak Tutur Ilokusi Pangakon Atur Puji

Kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji nduweni tetenger arupa titikan-titikan. Titikan-titikan kasebut minangka paugeran nalika nemtokake kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji. Titikan kango nemtokake ana relasi semantik leksikal kang awujud kosok balen ing sajrone tindak tutur atur puji yaiku tetembungan kang nduweni wewalikan ing rong kahanane mitratutur kang dituturake panutur. Kahanan iki tuwu amerga ana pangirane lan pangrasane panutur tumrap lesane. Pangira lan pangrasane kasebut nuwuake teges kang wewalikan sajrone rong kahanan kang dingerten. Rong kahanan kasebut dituturake panutur kanthi cara ditandhingake.

Dene titikan kang digunakake kanggo nemtokake kosok balen yaiku (1) anane rong teges kang beda, (2) tegese lelawanan, lan (3) anane konteks kang padha. Uga ana titikan kang digunakake kanggo nemtokake tindak tutur atur puji antarane (1) anane pangkon, (2) anane pananggap saka mitratutur, (3) anane undheran kang dituturake panutur, (4) nuwuake rasa seneng saka panutur lan mitratutur, (5) panutur nuduhake kaluwihan lesane lan (6) tuturan nuwuake sikap positivisme.

Jinise Kosok Balen Kang Dumadi Ing Tindak Tutur Ilokusi Pangakon Atur Puji

Jinise kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji kaperang dadi loro yaiku adhedhasar tujuwan lan isine tindak tutur atur puji. Adhedhasar tujuwane tindak tutur atur puji ana (1) kosok balen majib kang dumadi ing tindak tutur atur puji marang Gusti kanthi bener, (2) kosok balen undha usuk kang dumadi ing tindak tutur atur puji marang Gusti kanthi bener, (3) kosok balen sesambungan kang dumadi ing tindak tutur atur puji marang Gusti kanthi bener, (4) kosok balen urutan kang dumadi ing tindak tutur atur puji marang Gusti kanthi bener, (5) kosok balen maneka werna kang dumadi ing tindak tutur atur puji marang Gusti kanthi bener, (6) kosok balen majib kang dumadi ing tindak tutur atur puji marang pawongan kanthi bener, (7) kosok balen undha usuk kang dumadi ing tindak tutur atur puji marang

**Kosok Balen kang Dumadi ing Tindak Turur Atur Ilokusi Pangakon Atur Puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor,
Kabupaten Bojonegoro**

pawongan kanthi bener, (8) kosok balen sesambungan kang dumadi ing tindak turur atur puji marang pawongan kanthi bener, (9) kosok balen urutan kang dumadi ing tindak turur atur puji marang pawongan kanthi bener, (10) kosok balen maneka werna kang dumadi ing tindak turur atur puji marang pawongan kanthi bener, (11) kosok balen majib kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap kahanan kanthi bener, (12) kosok balen undha usuk kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap kahanan kanthi bener, (13) kosok balen majib kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap kahanan kanthi bener, lan (14) kosok balen urutan kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap kahanan kanthi bener, (15) kosok balen maneka werna kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap kahanan kanthi bener, (16) kosok balen majib kang dumadi ing tindak turur atur puji marang alam kanthi bener, (17) kosok balen undha usuk kang dumadi ing tindak turur atur puji marang alam kanthi bener, (18) kosok balen sesambungan kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap marang alam kanthi bener, (19) kosok balen urutan kang dumadi ing tindak turur atur puji marang alam kanthi bener, (20) kosok balen maneka werna kang dumadi ing tindak turur atur puji marang alam kanthi bener, (21) kosok balen majib kang dumadi ing tindak turur atur puji marang Gusti kanthi becik, (22) kosok balen undha usuk kang dumadi ing tindak turur atur puji marang Gusti kanthi becik, (23) kosok balen sesambungan kang dumadi ing tindak turur atur puji marang Gusti kanthi becik, (24) kosok balen urutan kang dumadi ing tindak turur atur puji marang Gusti kanthi becik, (25) kosok balen maneka werna kang dumadi ing tindak turur atur puji marang Gusti kanthi becik, (26) kosok balen majib kang dumadi ing tindak turur atur puji marang pawongan kanthi becik, (27) kosok balen undha usuk kang dumadi ing tindak turur atur puji marang pawongan kanthi becik, (28) kosok balen sesambungan kang dumadi ing tindak turur atur puji marang pawongan kanthi becik, (29) kosok balen urutan kang dumadi ing tindak turur atur puji marang pawongan kanthi becik, (30) kosok balen maneka werna kang dumadi ing tindak turur atur puji marang pawongan kanthi becik, (31) kosok balen majib kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap kahanan kanthi becik, (32) kosok balen undha usuk kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap kahanan kanthi becik, (33) kosok balen majib kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap kahanan kanthi becik, lan (34) kosok balen urutan kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap kahanan kanthi becik, (35) kosok balen maneka werna kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap kahanan kanthi becik, (36) kosok balen majib kang dumadi ing tindak turur atur puji marang alam kanthi becik, (37) kosok balen undha usuk kang dumadi ing tindak turur atur puji marang alam kanthi becik, (38) kosok balen sesambungan kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap marang alam kanthi becik, (39) kosok balen urutan kang dumadi ing tindak turur atur puji marang alam kanthi becik, (40) kosok balen maneka werna kang dumadi ing tindak turur atur puji marang alam kanthi becik (41) kosok balen majib kang dumadi ing tindak turur atur puji marang Gusti kanthi endah, (42) kosok balen undha usuk kang dumadi ing tindak

turur atur puji marang Gusti kanthi endah, (43) kosok balen sesambungan kang dumadi ing tindak turur atur puji marang Gusti kanthi endah, (44) kosok balen urutan kang dumadi ing tindak turur atur puji marang Gusti kanthi endah, (45) kosok balen maneka werna kang dumadi ing tindak turur atur puji marang Gusti kanthi endah, (46) kosok balen majib kang dumadi ing tindak turur atur puji marang pawongan kanthi endah, (47) kosok balen undha usuk kang dumadi ing tindak turur atur puji marang pawongan kanthi endah, (48) kosok balen sesambungan kang dumadi ing tindak turur atur puji marang pawongan kanthi endah, (49) kosok balen urutan kang dumadi ing tindak turur atur puji marang pawongan kanthi endah, (50) kosok balen maneka werna kang dumadi ing tindak turur atur puji marang pawongan kanthi endah, (51) kosok balen majib kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap kahanan kanthi endah, (52) kosok balen undha usuk kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap kahanan kanthi endah, (53) kosok balen majib kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap kahanan kanthi endah, lan (54) kosok balen urutan kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap kahanan kanthi endah, (55) kosok balen maneka werna kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap kahanan kanthi endah, (56) kosok balen majib kang dumadi ing tindak turur atur puji marang alam kanthi endah, (57) kosok balen undha usuk kang dumadi ing tindak turur atur puji marang alam kanthi endah, (58) kosok balen sesambungan kang dumadi ing tindak turur atur puji tumrap marang alam kanthi endah, (59) kosok balen urutan kang dumadi ing tindak turur atur puji marang alam kanthi endah, lan (60) kosok balen maneka werna kang dumadi ing tindak turur atur puji marang alam kanthi endah.

TEORI KANG DIGUNAKAKE KANGGO PANLITEN IKI

Teori kang digunakake kanggo panliten iki yaiku teori semantik pragmatik mligine ngenenani relasi semantik leksikal lan tindak turur. Adhedhasar teori kasebut ana rong cara kang digunakake kanggo ngandharake panliten iki, yaiku kanggo ngandharake semantik leksikale kanthi wujud relasi semantic kosok balen lan pragmatike kanthi wujud tindak turur ilokusi pangakon atur puji. Cara kang digunakake kanggo ngandharake kosok balen minangka semantik leksikale yaiku teori fitur destingtif teges. Dhistingtif digunakake kanggo mbedakake teges saka perangane basa (Kridalaksana, 2008). Cara iki diarani unsur pambeda, jalaran cara njlentrehake objek kanthi teges siji lan liyane. Sajrone panliten iki, kosok balen diandharake kanthi mbedakake teges tembung siji lan liyane.

Dene cara kang digunakake kanggo njlentrehake tindak turur atur puji yaiku nggunakake jlentrehan semantik pragmatik. Jlentrehan kasebut isine ngenenani struktur sosial, relasi soial lan, situwasi sosial. Jlentrehan kasebut minangka asil sesambungan antarane semantik lan pragmatik kang nduweni unsur makna sajrone tindak turur. Babagan iki laras marang panemune Leech (1993:10) ngenenani asil kang diolehake nalika nggayutake semantik lan pragmatik. Asile bisa maremake, jalaran jangkep lan cetha. Luwih cethane

maneh bakal dicethakeke mawa dhata kang diolehole lan kasuguhake ing bab papat.

BAB III METODHE PANLITEN

Bab metodhe panliten iki dibagi dadi telung subbab, yaiku (1) titikane panliten, (2) ubarampene panliten, lan (3) tata carane panliten. Andharan ngenani bab metodhe bakal dicethakake ing ngisor iki.

TITIKANE PANLITEN

Isi bageyan titikane panliten iki kaperang dadi rong perangan, ana jinise panliten lan sipate panliten. Ing ngisor iki jlentrehan ngenani titikan kasebut.

Jinise Panliten

Jinise panliten ngenani kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokus pangakon atur puji yaiku panliten etnografi. Mitirut Spradley (2006:5), Etnografi yaiku upaya kanggo nggatекake teges-teges tindakan saka kedadeyan kang dumadi ing sawijine pawongan kang arep dingerten. Panliten etnografi mujudake salah siji arane panliten kualitatif (Djajasudarma, 1993:10). Panliten etnografi yaiku panliten kang nggoleki dhata saka kahanaan sosial masyarakat kang ora dipangribawani kahanaan sosial. Mula panliten iki diarani panliten etnografi. Panliten kang nengenake kahanaan asli saka masyarakat kasebut, tanpa ana pangribawa masyarakat liyane.

Sipate Panliten

Kosok balen kaang dumadi ing tindak tutur ilokus pangakon atur puji mujudake salah siji panliten kang nduweni sipat informal. Sipat panliten iki njalaran anane susunan dhata kang disajikake nggunkakake tembung-tembung kang lumrah (Mahsun, 2005:123). Dhata ing panliten iki disuguhake ora nggunkakake tandha lan lambang. Mula, panliten ngenani kosok balen kang dumadi ing tindak tutur atur puji uga diarani panliten dheskriptif. Isine panliten iki dijlentrehake kanthi tetembungan kang asipat medharake.

UBARAMPENE PANLITEN

Subbab kapindho ngenani ubarampen panliten kang kaperang dadi telung perangan, wiwit (1) dhata panliten, (2) sumber dhata panliten, lan (3) instrumen panliten. Cethane telung perangan saka ubarampen panliten iki, bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

Dhata Panliten

Dhata kaang digunakake sajrone panliten iki arupa dhata primer. Dhata primer yaiku dhata kang awujud lesan utawa cecaturan (Subyakto, 1993:10). Dhata primer kang dijupuk sajrone panliten iki awujud kosok balen sajrone tindak tutur atur puji kang dituturake pawongan. Dhata kang bisa dianggep objek panliten yaiku tetembungan utawa isi kang wis dipilih saka maneka werna dhata mentah. Sajrone tuturan pupujen kang dadi dhata kasebut, ana objek panliten lan konteks tuturan minangka undere panliten, dadi $Dt = Ob + Kn$. Objek panliten saka tuturan kasebut yaiku tembung-tembung kang ngandut unsur wewalkan lan isine atur puji kasebut. Dene konteks tuturan yaiku ngenani isi tindak tutur atur puji kasebut, saengga panutur gelem nuturake atur puji.

Dhata kang dianggo ing panliten iki kebage dadi telung bageyan. Bageyan dhata nomer siji yaiku dhata kang wis cumepak sadurunge panliten iki dilakoni. Anane dhata iki diolehole tanpa sengaja. Bageyan dhata nomer loro yaiku dhata kang digoleki nalika panliten iki dilakoni. Panliti ngolehole dhata iki nggunakake teknik tertamtu. Bageyan dhata katelu yaiku dhata kang durung tau ana ing lapangan, nanging peluwang anane dhata iki akeh. Anane telung bageyan dhata kang dianggo ing panliten iki, jalaran panggunane objek panliten iki ora dinuga anane.

Sumber Dhata Panliten

Sumber dhata kang digunakake ing panliten iki arupa cecaturan-cecaturan kang dilakoni pawongan ing kabupaten Bojonegoro, persise ing desa Pilang, kecamatan Kanor. Panggon kasebut dijupuk dadi sumber dhata jalanan ing pawongan-pawongan ing desa kasebut nduweni struktur sosial kang beda-beda. Struktur sosial kang ana sajrone desa kasebut ana maneka werna, wiwit bayi, rumaja, diwasa, lanang lan wadon. Ing panggonan kasebut ana cecaturan ngenani kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokus pangakon atur puji. Cecaturan kasebut minangka punjere dhata panliten iki. Dadi, dhata kang dijupuk kudu manut undere panliten lan ora ngawur supaya dhata kasebut ora oval saka punjere panliten.

Saliyane iku, sumber panliten ing desa Pilang, kecamatan Kanor, kabupaten Bojonegoro iki minangka sumber panliten kang bisa nguntungake panliti. Nguntungake kang dimaksud ing babagan iki yaiku nggampangake pakaryane panliti anggone nglakoni panliten. Iki jalanan kang dadi sumber dhatane ora adoh kango diparani. Mula, panggon iki wis trep dipilih kango sumber dhata ing panliten. Uga basa ing panggonan kasebut ora nduweni dialek kang adoh marang basa jawa kang baku, iku ndadekake gampang anggone dingerten.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten kang digunakake sajrone panliten iki kaperang dadi loro yaiku intrumen panliten kango ngumpulake dhata lan instrumen panliten kango njlentrehake dhata. Luwih cethane ngenani instrumen kasebut bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

- 1) Instrumen panliten kango ngumpulake dhata yaiku instrumen panliten kang digunakake supaya data kasebut bisa kesimpel. Intrumen panliten iki awujud panliti, HP, piranti tulis. Panliti ing kene minangka pawongan kang ngerteni dhata kepriye kang arep dijupuk, uga minangka pawongan kang nggolek dhata kasebut. Ana piranti tulis kang wunjude maneka werna yaiku buku, polpen, petelot, kertas chatetan. Piranti tulis iki mujudake piranti kang utama sajrone ngumpulake lan njlentrehake dhata panliten, amerga dhata panlitene iki bisa diolehole kanthi cara sartamerta utawa ora mesthi ana. Mula ditengenake ing piranti tulis. Dene piranti awujud HP digunakake kanggo mbiyantu ngumpulake dhata nalika ora nggawa piranti tulis kang arupa cecaturane pawongan. Cecaturan ngenani dhata uga ora langsung diolehole, panliti kudu mancing dhisik ing kahanaan kasebut.

- 2) Intrumen panliten kango njlentrehake lan nyuguhake dhata mujudake instrumen kang digunakake nalika dhata wis diolehake kango njlentrehake. Instrumen panliten iki arupa piranti-piranti tulis utawa ketik uga panliti. Piranti ketik kang digunakake awujud laptop lan Hp, dene piranti tulis kango njlentrehake awujud buku, pulpen lan petelot. Uga ana panliti minangka pawongan kanag njlentrehake lan nyuguhake dhata kasebut.

TATA CARANE PANLITEN

Tata cara panliten sajrone panliten iki kaperang dadi telu yaiku (1) tata cara ngumpulake dhata, (2) tata cara ngolah dhata lan (3) tata cara nyuguhake dhata. Jlentrehan ngenani telung tata cara kasebut bakal diandharake kanthi cetha ing ngishor iki.

Tata Cara Ngumpulake Dhata

Tata cara ngumpulake dhata sajrone panliten iki nggunakake metodhe cakap lan methode semak. Metode cakap lan semak digunakake ing panliten iki, jalaran dhata kango arep dijupuk yaiku dhata kang sipate sosial. Metodhe cakap lan semak iki kebagi dadi rong bageyan adhedhasar tahapan. Bageyan kasebut ing antarane ana teknik dhasar lan teknik terusan (Sudaryanto, 1988:2-4). Teknik dhasar metodhe cakap yaiku teknik pancing. Teknik iki dilakoni dening panliti supaya pawongan kang dianggep informane gelem ngomong lan nindakake apa kango dikarepake panliti. Omongan lan tindakan kasebut mujudake dhata panliten kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji. Dene teknik dhasar metodhe pancing yaiku teknik cathet. Teknik cathet iki uga dadi metodhe terusan sajrone metodhe cakap. Mula saka iki panliten iki luwih nengenake teknik cathet kango ngumpulake dhata panliten.

Tata cara kango dilakoni panliti supaya dhata bisa diolehake manut karepe panliti. Karepe panliti yaiku kanthi cara panliti mancing pawongan kang lagi guneman. Pancingan kasebut arupa cecaturan kang ngemu teges becik. Banjur panutur kasebut diarahake dening panliti supaya nindakake tindak tutur atur puji marang kahanan becik kango dingerten. Kahanan kasebut kalebu kahanan mitratuture panutur kango wis diajak guneman sadurunge. Saengga, gampang anggone panliti mancing lan ngolehake dhata kasebut. Ananging ora saben pancingan nuwuhake tindak tutur atur puji. Iki jalaran tindak tutur atur puji mujudake tindak tutur kango tuwuhe sarta merta. Ora bisa ditengeri anane ing kahanan endi wae.

Dene teknik terusan metodhe cakap yaiku ana teknik cakap langsung uga teknik cathet. Sajrone ngumpulake dhata, panliti nggunakake teknik cakap langsung, jalaran luwih gampang anggone panliti mancing pawongan kasebut supaya gelem nuturake bab kango dikarepake panliti. Banjur sawise panliti bisa mancing pawongan kasebut, panliti nggunakake teknik lanjutan sabanjure. Metodhe lanjutane ana teknik cathet. Rong teknik kasebut kango nguwtake dhata kango diolehake panliti. Jalaran bisa diwaca lan dirungake maneh sewayah-wayah nalika panliti kelalen marang dhata kasebut. Cethane metodhe terusane iki luwih nengenake ing bab *valide* dhata kasebut .

Cara kango digunakake panliti kango ngolehake dhata lumantar metodhe terusan yaiku panliti ngajak ceceaturan langsung marang lesane yaiku panutur lan mitratutur. Sadurunge diajak cecaturan, panliti kudu nyepakake ubarampe kang dibutuhake yaiku piranti rekam. Dene dibutuhake, piranti tulis uga bisa digawa. Banjur, lesane diajak cecaturan dening panliti kanthi cara langsung lan dicathet. Nalika cecaturan panutur lan mitratutur kasebut diarahake panliti kango ngandharake tindak tutur atur puji. Jalaran iki dilakoni kanthi cara langsung, kadang kala panliti bisa dadi mitratutur kango dadi tujuwane panutur.

Tata Cara Njlentrehake Dhata

Tata cara kango digunakake kango njlentrehake dhata sajrone panliten kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji ing desa Pilang, kecamatan Kanor, kabupaten Bojonegoro manut marang teori kang digunakake ing panliten iki. Cara njlentrehake panliten iki ana rong bageyan yaiku bageyan kosok balen lan bageyan tindak tutur ilokusi atur puji. Cara kango digunakake kango njlentrehake kosok balen kanthi nggunakake fitur destingtif teges lan njlentrehake tindak tutur atur puji nggunakaake jlentrehan semantik pragmatik.

Bageyan kosok balen dijnjlentrehake manut tegese tembung ing sajrone konteks kang nduwensi teges wewaliikan utawa kosok balen. Dene bageyan tindak tutur atur puji dijnjlentrehake kanthi nggunakake jlentrehan semantik pragmatik kang dumadi saka struktur sosial, relasi sosial lan situwasi sosial. Struktur sosial kango njlentrehake ngenani sapa kango nglakoni tindak tutur kasebut, banjur relasi sosial digunakake kango njlentrehake bab sesambungan antarane panutur lan mitratutur. Dene situwasi sosial digunakake kango njlentrehake kapan tindak tutur kasebut dilakoni.

Tata Cara Nyuguhake Dhata

Tata cara nyuguhake dhata sajrone panliten iki yaiku deskriptif. Dhata kasebut didheskripsikake manut tegese tembung lan jlentrehan semantik. Iki jalaran panliten iki mujudake panliten kang nduwensi sipat informal. Panliten kang nduwensi sipat informal, medharake dhata ora nggunakake rumus. Dadi, dhata kango wis dijnjlentrehake disuguhake kanthi nggunakake tembung-tembung kang biasa digunakake ing sabendina. Tembung-tembung kasebut ngemu teks lan konteks kasebut bisa dingerten i saka jlentrehane semantik pragmatik ngenani struktur sosial, relasi sosial lan situwasi sosial. Mula, panliten ngenani kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji disuguhake kanthi cethe, jangkep, lan rinci. Uga disuguhake kanthi nggunakake tembung-tembung kang gampang dingerten.

BAB IV

JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASIL PANLITEN

Bab iki isine kaperang dadi telung subbab. Subbab kasebut ing ana jlentrehane dhata,dhiskusi, lan asile panliten saka kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro.

JLENTREHANE DHATA

Isi subab ngenani jlentrehan dhata dumadi saka telung perangan konsep ing antarane jinise kosok balen, tindak tutur atur puji adhedhasar tujuwane, lan tindak tutur atur puji adhedhasar isine atur puji. Telung konsep kasebut nuwuhahe jinise kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji ing Desa Pilang Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro kang nduweni cacah suwidak. Telung konsep kasebut kang kapisan ngenani relasi semantik leksikal kosok balen, cacahe ana lima yaiku majib, undha usuk, sesambungan, urutan, lan maneka werna. Rong konsep sabanjure ngenani jinise tindak tutur atur puji. Adhedhasar tujuwane ana tindak tutur atur puji marang Gusti, marang pawongan, tumrap kahanan, tumrap alam. Banjur adhedhasar isine ana isi kanthi bener, becik, lan endah. Luwih cethane ngenani jinise kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji ing Desa Pilang Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro bakal diandharake kanthi jangkep ing ngisor iki

1. Kosok Balen Majib kang Dumadi ing Tindak Tutur Atur Puji marang Gusti kanthi Bener

Kosok balen majib kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji marang Gusti kanthi bener bisa kapacak ing sawijine kahanan. Kahanan kasebut bisa dingerten ika saha dhata kang wis diolehake.

- (1) *P* : *Lek sregrep ibadah, Gusti Allah mesthi nggampangna urip ing donya lan akhirat.*
P : Yen sregrep ngibadah, Gusti Allah mesthi nggampangake urip neng donya lan akhirat.
Mt : *Iya bener Dhe.*
Mt : *Iya bener Dhe.*
Ko : *P nyethakake yen Gusti nggampangake urip neng donya lan akhirat.*

Dhata (1) nuduhake tindak tutur atur puji marang Gusti kanthi bener kang ngemu kosok balen majib. Tururan kasebut ditindakake dening wong lanang diwasa kang nduweni status ekonomi sosial kang dhuwur lan tingkatan agama dhuwur minangka panutur, uga rumaja lanang kang nduweni status ekonomi sosial kang sedhengan lan tingkatan agama dhuwur minangka mitratutur. Tindak tutur kasebut ditindakake nalika mulih sembayang wayah wengi ing dalan, dalan ing babagan iki kalebu panggonan kang umum. Panutur lan mitratutur sajrone tururan iki minangka tangga raket.

Tindak tutur atur puji marang Gusti dilakoni kanthi blaka, jalaran pujian kang diaturake gamlang ngandharake sipate Gusti kang Maha Kuwasa bisa nggampangake sakabehane perkaran manungsa. Tujuwane atur puji marang Gusti bisa ditengeri saka tembung ‘*Gusti Allah*’ sajrone ukara kasebut. Panutur nyethakake marang mitra tutur yen Gusti bakal nggampangne uripe manungsa ing donya lan akhirat minangka kuwasane Gusti. Ukara kasebut dingerten minangka atur puji marang Gusti, jalaran kaluwihan kang dicethakake yaiku kaluwihane Gusti. Banjur tembung ‘*lek sregep ngibadah*’ minangka sebabé Gusti nggampangake uripe manungsa. Isi sajrone dhata kasebut dingerten kalebu isi kanthi bener, jalaran tembung kasebut diucapake jalara ana paugaran kang

diugemi yaiku kawula iku nduweni jejibahan kanggo ngibadah marang Gustine.

Dhata kasebut uga nuwuhake relasi semantik leksikal kosok balen kang awujud kosok balen majib. Kosok balen kasebut bisa dipacak saka tembung donya lan akhirat kang nduweni teges wewalikan. Tembung-tembung kasebut diarani kosok balen majib, jalaran tembung rong tembung kasebut kalebu tembung kembar kang ora nduweni sesambungan. Donya nduweni teges jagad kang dianggo panggon reriaptane Gusti nalika isih urip. Dene akhirat nduweni teges jagad piwalesan kanggo reriaptane Gusti sawise nglakoni tumidak ing donya.

2. Kosok Balen Undha-Usuk kang Dumadi ing Tindak Tutur Atur Puji marang Gusti kanthi Bener

Kosok balen undha usuk kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji marang Gusti kanthi bener mujudake perangan kapindho saka jinise topik. Perangan iki bakal disuguhake kanthi dhata ing ngisor iki.

- (2) *P* : *Kabeh ki manut Gusti kang Maha Agung Dhik. Lek kaya kene asline ki wong nistha.*
P : Kabeh ki manut Gusti ingkang Maha Agung Dhik. Yen kaya kene asline ki wong nistha.
Mt : *Inggih Mas.*
Mt : Inggih Mas.
Ko : *P nyethakake marang Mt yen Gusti nduweni sipat Maha Agung.*

Dhata (2) mujudake dhata ngenani tindak tutur atur puji marang Gusti kanthi bener kang ngemu kosok balen undha usuk. Kosok balen undha usuke kapacak saka tembung agung lan nistha. Agung mujudake sipat kang dinduwéni Gusti, tegese drajad kang dhuwur lan sipat kang becik. Dene nistha mujudake sipat kang dinduwéni kawulane Gusti. Nistha nduweni teges drajad kang cendhek lan sipat kang ala. Sajrone tururan kasebut panutur ngucapake kanthi cara mbandhingake sipate Gusti lan kawulane. Tembung agung lan nistha kalebu tembung kang panganggone ana trap-trapane lan ing ngarepe tembung bisa dipatrapapi tembung rada, mula diarani kosok balen undha usuk.

Tindak tutur atur puji kasebut ditindakake dening wong lanang diwasa kang nduweni status sosial ekonomi sedhengan lan tingkatan agama dhuwur minangka panutur. Mitra tuture yaiku rumaja lanang kang nduweni status ekonomi sosial dhuwur lan tingkatan agama sedhengan. Panutur ing babagan iki minangka tanggane mitratutur kang nduweni relasi kang raket. Tindak tutur kasebut dilakoni nalika ngaji kitab wayah wengi ing langgar, langgar sajrone dhata iki kalebu panggonan kang umum. Tindak tutur atur puji marang Gusti dilakoni kanthi blaka, jalaran nyethakake sipate Gusti kanthi gamblang yaiku Maha Agung.

Tindak tutur atur puji marang Gusti kanthi bener bisa ditengeri lumantar pethikan dhata. Pethikan dhata ‘*manut Gusti*’ mertandhani yen atur puji kasebut ditindhakake kanggo Gusti lan nduweni teges yen Gusti minangka panguwasa kang nduweni wewenang kanggo nemtokake uripe kawulane. Ukara kasebut dingerten minangka atur puji marang Gusti, jalaran kaluwihan

**Kosok Balen kang Dumadi ing Tindak Tutur Ilokusi Pangakon Atur Puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor,
Kabupaten Bojonegoro**

kang dicethakake yaiku kaluwihane Gusti. Banjur pethikan dhata ‘asline ki wong nistha’ kang nuduhake yen kawula iku drajate cendhek banget yen dibandhingake marang Gusti. paugran kang diugemi yaiku Gusti minangka panguwasane jagad. Mula pethikan kasebut mertandhani anane isi kanthi bener.

3. Kosok Balen Sesambungan kang Dumadi ing Tindak Tutur Atur Puji marang Pawongan kanthi Becik

Kosok balen undha usuk kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji marang Pawongan kanthi becik bisa kapacak ing sawijine kahanan. Kahanan kasebut bisa dingerten i saka dhata kang wis diolehake.

(3) P : *Mir Amir, sing sabar ya! Jan kowe ki beda karo masmu, senenganmu menehi lan masku seneng njaluki.*

P : Mir Amir, sing sabar ya! Jan kowe ki beda karo masmu, senenganmu menehi lan masku seneng njaluki.

Mt : *Apa ta kowe ki?*

Mt : Apa ta kowe ki?

P : *La dijaluki dhuwik kaya ngono isek isa sabar wae.*

P : Hla dijaluki dhuwit kaya ngono isih isa sabar wae.

Mt : *Jenenge mase dhewe Pen.*

Mt : Jenenge mase dhewe Pen.

Ko : Panutur nyethakake yen mitratutur iku senengane menehi timbang njaluki.

Ing dhata (3) dingerten ana relasi semantik kosok balen arupa kosok balen sesambungan kang dumadi ing tindak tutur atur puji marang pawongan kanthi bener. Tembung kang nuduhake kosok balen sesambungan yaiku menehi lan njaluki. Tembung menehi lan njaluki kalebu kosok balen sesambungan, jalaran nduweni sesambungan utawa ora bisa dipisahake. Menehi asale saka tembung aweh kang nduweni teges ngelungake samubarang tumrap liyan. Dene njaluki asale saka tembung jaluk kang nduweni teges pepengin arep nduweni samubarang saka liyan.

Tindak tutur atur puji kasebut ditindakake dening rumaja lanang kang nduweni status sosial ekonomi dhuwur lan tingkatan pendhidhikan dhuwur minangka panutur, uga rumaja lanang kang nduweni status ekonomi sosial endhek lan tingkatan pendhidhikan dhuwur minangka mitratutur. Panutur lan mitratutur ing kene iki minangka kanca kang nduweni relasi raket. Tindak tutur kasebut dilakoni nalika mitratutur lagi menehi dhuwit wayah wengi ing kamar, kamar sajrone dhata iki kalebu panggonan kang mligi.

Tindak tutur atur puji marang pawongan kanthi becik bisa ditengeri lumantar pethikan dhata kasebut. Saka pethikan ‘Jan kowe ki’ mertandhani yen atur puji kasebut ditindakake kanggo pawongan kang dingerten i kalebu wong becik. Kaluwihan kang diucapake mujudake kaluwihane pawongan kanthi tetenger tembung sesulih, mula diarani tindak tutur atur puji marang pawongan. Tindak tutur atur puji marang pawongan iki dilakoni kanthi blaka, jalaran nyethakake kaluwihan pawongan kasebut. Banjur pethikan ‘senenganmu menehi lan masku seneng njaluki’ iki

mertandhani anane isi kanthi becik, jalaran ngandharake kabecikane pawongan. Panganggepe panutur menehi kalebu tumindak kang becik tinimbang njaluki.

4. Kosok Balen Urutan kang Dumadi ing Tindak Tutur Atur Puji tumrap Alam kanthi Endah

Kosok balen urutan kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji tumrap alam kanthi endah bisa dingerten i saka dhata kang wis diolehake.

(4) P : *Wih, kembange wis padha mekar, padhahal dek ingi isih kuncop. Ndang dipoto sesok selak layu.*

P : Wih, kembange wis padha mekar, kamangka wingi isih kuncop. Enggal dipoto sesok selak layu.

Mt : *Iya je, sikmek kamera.*

Mt : Iya e, enteni njupuk kamera.

Ko : P nyethakake wernane pelangi yen disawang katon lucu.

Dhata (4) nuduhake tindak tutur atur puji tumrap alam kanthi endah kang ngemu kosok balen urutan. Tindak tutur kasebut ditindakake dening rumaja wadon kang nduweni status ekonomi sosial kang sedhengan lan tingkatan agama dhuwur, uga bocah wadon kang nduweni status ekonomi sosial kang sedhengan lan tingkatan agama dhuwur minangka mitratutur. Tindak tutur kasebut dilakoni nalika panutur lagi nyiram kembang wayah esuk ing ngarep omah, ngarep omah ing babagan iki kalebu panggonan kang umum. Panutur ing babagan iki minangka kulawargane mitratutur kang nduweni relasi kang raket yaiku mbak lan adhik.

Tindak tutur atur puji marang alam dilakoni kanthi blaka, jalaran bab kang diaturake ora gamlang ngandharake kembange kang wis mekar. Iki bisa ditengeri saka pethikan ‘kembange wis padha mekar’. Pethikan kasebut mertandhani tuturan iki diarani atur puji tumrap alam, jalran nuduhake kaluwihane alam. Tembung kang bisa diarani alam yaiku ‘kembange’. Isi sajrone dhata kalebu isi kanthi endah, iki bisa ditengeri lumantar tuturane panutur kang ngandharake yen kembange wis mekar. Ana kaendahan sajrone tuturan kasebut yaiku mekare kembang. Tuturan iki diarani atur puji kanthi endah, jalaran nuduhake kaendahan.

Dhata kasebut uga nuwuhake relasi semantik leksikal kosok balen kang awujud kosok balen urutan. Kosok balen kasebut bisa dipacak saka tembung melcuti kang nduweni wewalikan yaiku mublak. Tembung kasebut kalebu kosok balen urutan jalaran proses urut awit ngarep nganti mburi. Nguncup, mekar lan layu iki minangka proses kang beda kembang kang lagi tuwu. Nguncup yaiku prosese kembang sing isih cilik durung katon kembange kanthi endah. Mekar yaiku prosese kembang sing wis mbuka kabeh saengga ana ganda arum kang dirasa. Banjur alum yaiku prosese kembang kang wis wancine arep mati lan mengkeret.

5. Kosok Balen Maneka Werna kang Dumadi ing Tindak Tutur Atur Puji tumrap Kahanan kanthi Endah

Kosok balen maneka werna kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji tumrap kahanan kanthi endah bisa kapacak ing sawijine kahanan. Kahanan kasebut bisa dingerten i saka dhata kang wis diolehake.

**Kosok Balen kang Dumadi ing Tindak Tutur Illokusi Pangakon Atur Puji ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor,
Kabupaten Bojonegoro**

- (5) P : Desane saiki sandok unik lan adhem ya Dhe, sawise padha diganti omah kayu.
- P : Desane saiki rada unik lan adhem ya Dhe, sawise padha diganti omah kayu.
- Mt : Masak ta? Padha wae prasaku mbek omah tembok biyen.
- Mt : Masak ta? Padha wae rumangsaku manut omah tembok biyen.
- Ko : P nyethakake yen kahanan desane saiki malih adhem.

Dhata (5) nuduhake tindak tutur atur puji tumrap kahanan kanthi endah kang ngemu kosok balen maneka werna. Tindak tutur kasebut ditindakake dening rumaja lanang kang nduweni status ekonomi sosial kang dhuwur lan tingkatan agama cendhek. Mitratutute yaiku wong lanang diwasa kang nduweni status ekonomi sosial kang sedhengan lan tingkatan agama dhuwur. Tindak tutur kasebut dilakoni nalika jagongan wayah awan ing warung, warung ing babagan iki kalebu panggonan kang umum. Panutur ing kene minangka kulawargane mitratutur kang nduweni relasi kang adoh.

Tindak tutur atur puji marang pawongan dilakoni kanthi blaka, jalaran bab kang diaturake gamlang ngandharake kahanan desane mitratutur. Desane mitratutur minangka tujuwane tindak tutur atur puji tumrap kahanan. Iki bisa ditengeri saka pethikan ‘Desane saiki sandok unik lan adhem ya Dhe’. Pethikan kasebut nduweni teges yen panutur seneng tumrap desane mitratutur sing unik lan adhem. Isi sajrone dhata kasebut kalebu isi kanthi endah, ditengeri lumantar tembung ‘unik’ kang nduweni teges ora padha karo liyane. Isine diarani endah jalaran ana babagan unik kang nengenake bab kaendahan

Dhata kasebut uga nuwuhake relasi semantik leksikal kosok balen kang awujud kosok balen maneka werna. Kosok balen kasebut bisa dipacak saka tembung omah kayu kang nduweni wewalikan yaiku omah tembok. Tembung kasebut kalebu kosok balen maneka werna, jalaran sak tembung bisa nduweni kosok balen kanthi pirang-pirang wujud kang beda, nanging nduweni kalungguhan kang padha. Omah kayu yaiku omah kang dibangun nggunakake kayu awit ragangane nganthi gedheke. Dene omah tembok yaiku omah kang dibangun nggunakake bata lan semen nganti ngadheg dadi bangunan.

ASILE PANLITEN

Adhedhasar jlentrehan dhata ing ndhuwur bisa dingertenipun asile panliten. Asile panliten iki yaiku jinis kosok balen kang dumadi ing tindak tutur illokusi pangakon atur puji kang dumadi saka telung konsep yaiku konsep kosok balen kang kaperang dadi lima, konsep tindak tutur atur puji adhedhasar tujuwan kang kaperang dadi papat, lan konsep kosok balen adhedhasar isi kang kaperang dadi telu. Luwih cethane diandharake lumantar bagan ing ngisor iki.

Bagan 4.1

Cara Nggoleki Jinise Kosok Balen kang Dumadi ing Tindak Tutur Illokusi Pangakon Atur Puji

Jinise Kosok Balen



Jinise Tindak Tutur Atur Puji

Adhedhasar bagan kasebut bisa dingertenipun cari nggoleki jinis kosok balen kang dumadi ing tindak tutur illokusi pangakon atur puji. Cara kangeunakake yaiku kanthi nggoleki jinis kosok balen lan jinis tindak tutur atur puji. Banjur jinis kosok balen lan tindak tutur atur puji digabungake ing saben perangane, saengga ndadhekake jinis kosok balen kang dumadi ing tindak tutur illokusi pangakon atur puji. Ing panliten iki, jinis kosok balen kang dianggo yaiku kosok balen adhedhasar sipate lan jinis tindak tutur atur puji yang yaiku atur puji adhedhasar tujuwan lan atur puji adhedhasar isine.

Bagan 4.2 Jinise Kosok Balen



Jinis kosok balen adhedhasar sipate kaperang dadi lima yaiku kosok balen majib, kosok balen undha usuk, kosok balen sesambungan, kosok balen urutan, lan kosok balen maneka werna. Kosok balen iki wujude tembung-tembung kang nduweni teges wewalikan. Dene, jinis tindak tutur atur puji kang dianggo ing panliten iki ana loro, yaiku tindak tutur atur puji adhedhasar tujuwane lan isine.

Bagan 4.3 Tindak Tutur Atur Puji




Bagan kasebut wujud perangane saka tindak tutur atur puji adhedhasar tujuwane. Perangane yaiku atur puji marang Gusti, marang pawongan, tumrap alam, lan tumrap kahanan. Perangan kasebut nuduhake kango sapa atur puji kasebut ditindakake.

Bagan 4.4 Tindak Tutur Atur Puji



Adhedhasar isine tindak tutur atur puji kaperang dadi telu, yaiku atur puji kanthi bener, kanthi becik, lan kanthi endah. Telung atur puji kasebut bisa dingertenipun lumantar isi kang diucapake dening panutur. Bener kalebu isi kang nengenake tumrap aturan kang diugemi, becik nengenake pantese sawijine bab, lan endah nengenake kaendahane sawijine bab.

Bagan 4.5 Jinise Kosok Balen kang Dumadi ing Tindak Tutur Illokusi Pangakon Atur Puji



Panliten iki nuwuake maneka werna jinise kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji. Jinise kasebut diolehake kanthi ngalikake jinise kosok balen marang tindak tutur atur puji adhedhasar tujuwan lan isine. Saka perangan telung komponen kasebut, nuwuake jinise kosok balen kang dumadi ing tindak tutur atur puji sing cacahé suwidak. Jinise kasebut wiwit kosok balen majib kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji marang Gusti kanthi bener nganti kosok balen maneka werna kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji tumrap kahanan kanthi endah.

DHISKUSI PANLITEN

Panliten iki minangka panliten kanggo nggoleki jinise kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji. Cara kanggo nggoleki jinise topik kasebut yaiku kanthi nggabungake jinise kosok balen lan jinise tindak tutur atur puji. Bab kang dionceké ora mung nengenake ing salah sijine komponen, nanging uga komponen kang dadi panggone yaiku tindak tuture. Saka rong komponen kasebut ana telung konsep dhasar kang dadi punjer panliten iki. Telung konsep kasebut yaiku kosok balen adhedhasar sipate, atur puji adhedhasar tujuwane lan atur puji adhedhasar isine. Konsep ngeneni sipate kosok balen ana kosok balen majib, undha usuk, sesambungan, urutan, lan maneka werna. Banjur konsep ngenani atur puji adhedhasar tujuwane ana marang Gusti, marang pawongan, tumrap alam, lan tumrap kahanan. Konsep pungakasan yaiku atur puji adhedhasar isine ana isi kang bener, becik, lan endah. Saka telung konsep kasebut tuwu suwidak jinis kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur ing desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro. Iki nandhakake yen panliten iki beda tumrap panliten sadurunge.

Panliten sadurunge ana panliten ngenani *Antonimi dalam Wacana Persuasi Mario Teguh Di Facebook :Kajian Semantik* dening Febrianti (2014). Bab kang dionceké sajrone panliten iki ngenani kosok balen minangka bageyan saka wacana Mario Teguh. Panliten iki uga ngonceki asil persuasi kang dumadi jalanan panganggone kosok balen kasebut. Ing panliten iki kosok balen diolehake minangka dhata kang ndadekake persuasi. Pirembugane uga munjer ing persuasine Mario teguh lan ngasilake titikan-titikan ngenani persuasine Mario Teguh. Saliyane iku uga ana panliten ngenani *Analisis Sinonim dan Antonim pada Cerpen Kecil-Kecil Punya Karya (KKPK) sebagai Alternatif Pembuatan Media Pembelajaran Menulis Karangan bagi Siswa Kelas V Sekolah Dasar* dening Nurfadilah (2017). Isine ngenani kosok balen lan dasanama kang digunakake kanggo ancanagan medhia pasianaon kang trep.

Ana uga panlitene Almufidah (2018) ngenani Inferensi sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri. Babagan kang dirembug ing panliten kasebut yaiku urutane proses lan asile inferensi sajrone tindak tutur atur puji pangalembana. Asile inferensi ana dedhuktif lan indhuktif. Inferensi dedhuktif diolehake saka ngolah

kanthi tematis, menebake kanthi general, lan mantepake kanthi similaritas lan inferensi indhuktif bisa diolehake saka ngolah kanthi topikal, menebake kanthi spesial, lan mantepake kanthi komparitas. Panliten liyane ana panliten Tindak Tutur Ngelem ing Masyarakat Desa Macanbang, Kecamatan Gondang, Kabupaten Tulungagung dening Wardani (2013). Bab kang dirembug ngenani asil perangane tindak tutur ngelem. Tindak tutur ngelem kaperang dadi telu yaiku tindak tutur ngelem minangka lokusi adhedhasar tata cara medharake, tindak tutur ngelem minangka ilokusi adhedhasar tujuwane penutur, lan tindak tutur ngelem minangka perlokusi adhedhasar pananggepe mitratutur. Uga ana panliten nganani Makian dan Pujian dalam Ragam Amiyyah Mesir dening Ridha (2009). Isine panliten iki ngenani gunane makian lan pujian. Gunane makian kanggo ngandharake rasa gela, rasa kuciwa lan rasa kaget sajrone Ragam Amiyyah Mesir. Gunane pujian kanggo ngandharake rasa seneng, rasa gumun, lan menehi pakurmatan kanggo wong liya sajrone Ragam Amiyyah Mesir. Ing panliten iki uga nengenake kosok balen balen lan tindak tutur atur puji minangka konsep dhasar kanggo nggoleki jinise topik, mula panliten iki minangka panliten kang njangkepi panliten sadurunge.

BAB V PANUTUP

Isi sajrone bab panutup kebage dadi rong subbab yaiku dudutan lan pamrayoga. Luwih cethane dudutan apa kang diolehake saka panliten iki lan pamrayoga bakal dicethakake ing ngisor iki.

DUDUTAN

Adhedhasar jlentrehan dhata lan asil panliten ing ndhuwur, jinise kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji cacahé ana rong puluh. Rong puluh jinis kasebut diolehake lumantar jinise kosok balen adhedhasar sipate uga jinise tindak tutur atur puji adhedhasar tujuwan lan isine. Mula saka kuwi, isa dingertené yen kabeh kosok balen bisa dumadi ing maneka werna tindak tutur ilokusi pangakon atur puji, mlige ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro. Senadyan ora kebeh, nanging akeh-akehe kosok balen kasebut diolehake kanthi panutur mbandhingake kahanan kang dingertené. Dadi, panutur minangka punjere anane kosok balen iki.

Saliyane iku, adhedhasar asile panliten isa dingertené jinise kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji ana suwidak jinis. Kabeh jinis kasebut ana ing Desa Pilang, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro. Akehe jinis kasebut dumadi saka perangane kosok balen lan perangane atur puji adhedhasar tujuwan lan isine. Iki mertandhani yen kosok balen bisa dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji. Kanthi pamawas sing luwih jembar, relasi semantik leksikal bisa dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji. Manut jinise kosok balen kang dumadi ing tindak tutur atur puji nganti pamawas ngenani relasi semantik leksikal kang bisa dumadi ing tindak tutur ilokusi pangakon atur puji nuduhake yen relasi semantik leksikal bisa dumadi ing tindak tutur.

PAMRAYOGA

Panliten ngenani kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokus pangakon atur puji durung ditliti kanthi jero tur jangkep, mligine wujud perangane kosok balen. Mula saka iku, diprayogakake ing panliten sabanjure supaya bisa nliti wujude perangane kosok balen, supaya antarane relasi semantik leksikal kosok balen lan tindak tutur atur puji bisa dionceki kanthi gamblang, uga bisa njangkepi panliten ngenani kosok balen kang dumadi ing tindak tutur ilokus pangakon atur puji. Anane panliten ngenani perangan kosok balen kang sajrone atur puji diajab bisa ndadekake panliten ngenani semantik pragmatik saya ngrembaka. Panliti rumangsa yen panliten iki durung sampurna, mula panliti nduweni pangarep-arep supaya panliten sabanjure luwih apik.

KAPUSTAKAN

- Aminudin. 2016. *Semantik: Pengantar Studi Tentang Makna*. Malang: Sinar Baru Algensindo.
- Burgdorf, Susane S. 2012. *Compliment aand Positive Assessment*. Philadelphia: John Benjamins Publishing Company.
- Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2010. *Kesantunan Berbahasa*. Jakarta: Rineka Cipta
- Djajasudarma, Fatimah. 2013. *Semantik 2: Relasi Makna, Paradigmatik, Sintagmatik, dan Derivasional*. Bandung : Refika Aditama.
- Djajasudarama, F. 1993. *Metode Linguistik: Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: ERESCO.
- Djojosuroto K dan Sumaryati. 2004. *Prinsip-prinsip penelitian Bahasa dan Sastra*. Bandung : Nuansa
- Holmes, J. 2003. *An Introduction to Sociolinguistics*. Oxford: Blackwell Publishers.
- Horn, Laurence R and Ward, Gregory. 2006. *The Handbook of Pragmatics*. Hongkong: Blackwell Publishing.
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-Prinsip Pragmatik (Teri) M. D. D. Oka*. Jakarta: Universitas Indonesia.
- Levinson, Stephen. 1991. *Pragmatics*. Melbourne Sydney: Cambridge University Press
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.
- Nadar, F. X. 2013. *Pragmatik & Penelitian Pramaktik*. Bandung: Aksara.
- Parera, D.J. 1990. *Teori Semantik*. Jakarta: Penerbit Erlangga.
- Parera, D.J. 1993. *Leksikon Istilah Pembelajaran Bahasa*. Jakarta: Penerbit Erlangga.
- Rahardi, Kunjana. 2002. *Pragmatik: Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Spradley, James. 2006. *Metode Etnografi*. Yogyakarta: Tiara Wacana.

- Storjohann, P. 2010. *Lexical Semantics Relation*. Amsterdam: John Benjamins Publishing Company.
- Subyakto, SU, Nababan. 1993. *Metode Pengajaran Bahasa*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik: Metode dan Aneka Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Suwandi, Suwarji. 2012. *Semantik: Pengantar Kajian Makna*. Yogyakarta: Media Perkasa.
- Verhaar, J.W.M. 1999. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Wijana, I Dewa Putu. 2011. *Analisis Wacana Pramatig: Kajian Teori dan Analisis*. Surakarta: Yuma Pustaka
- Wijana, I Dewa Putu. 2015. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- Yule, G. 2006. *Pragmatik*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.

Jurnal Online

- Nofrita, Misra. 2016. *Tindak Tutur Ekspresif Mengkritik dan Memuji dalam Novel Padang Bulan dan Cinta di Dalam Gelas Karya Andrea Hirata*. (Online) Vol 1(1), 51-60. (<http://e-jurnal.stkiprokania.ac.id>)

Skripsi dan Tesis

- Almufidah, A. 2018. "Inferensi sajrone Tindak Tutur Ilokusi Atur Puji Pangalembana ing Dhusun Babadan, Desa Tenggerlor, Kecamatan Kunjang, Kabupaten Kediri". Skripsi ora diterbitake. Surabaya: FBS Universitas Negeri Surabaya.
- Febrianti, S.N. 2014. "Antonimi dalam Wacana Persuasi Mario Teguh di Facebook :Kajian Semantik". Skripsi ora diterbitake. Surabaya: FBS Universitas Negeri Surabaya.
- Mustaqim, M.S. 2014. "Tinjauan Pragmatik Surat Alfatihah Terjemahan Indonesia Versi Departemen Agama". Skripsi ora diterbitake. Yogyakarta: Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.
- Nurfadilah, Ulfah Siti. "Analisis Sinonim dan Antonim pada Cerpen Kecil-Kecil Punya Karya (KKPK) sebagai Alternatif Pembuatan Media Pembelajaran Menulis Karangan bagi Siswa Kelas V Sekolah Dasar". Skripsi ora diterbitake. Bandung: Program Studi Pendhidhikan Sekolah Dasar, Universitas Pendhidhikan Indonesia.
- Ridha DS, Muhammad. 2009. *Makian dan Pujian dalam Ragam Amiyah Mesir*. Tesis ora diterbitake. Yogyakarta: S2 Agama lan Lintas Budaya, Universitas Gadjah Mada.
- Wardani, R.Y. 2013. *Tindak Tutur Ngelem Ing Masyarakat Desa Macanbang, Kecamatan Gondang, Kabupaten Tulungagung*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya.